

BARANGKALI memang benar, bahwa ikhlas itu mudah di bibir tetapi susah di hati. Meski berulang kali Ibu berucap telah mengikhlaskan pohon jeruk purutnya yang mati kering, beberapa kali Ibu tanpa sadar masih keceplosan mengungkit-ungkitnya. Misalnya yang terjadi pada hari ini.

Tumben sekali, pagi-pagi Bapak sudah meminta dimasakkan soto sebagai menu buka puasa nanti. Ibu menyanggupi dan aku tahu apa yang harus kulakukan. Aku segera berangkat ke pasar rakyat untuk membeli setengah kilo daging sapi sebagai bahan utamanya, sayuran pelengkap soto, bahan sambal, dan juga kerupuk rambak. Sesampai rumah; daging, kol, taoge, tomat, seledri, cabai, kecap kukeluarkan dari keranjang belanjaan. Malangnya aku baru teringat tidak membeli bumbu soto.

“Ibu masih ada sisa bumbu soto. Hanya kurang daun jeruk purutnya saja. Nanti Ibu bisa beli ke warung Mbah Madi,” tutur Ibu menenangkanku

Mulanya aku yang sudah berbuat teledor ini dapat merasa tenang oleh kebijaksanaan Ibu. Namun raut wajah Ibu yang muram sekembalinya dari warung Mbah Madi pada sore harinya, membuat rasa bersalah kembali menyerangku.

“Kayaknya gak jadi masak soto ini, Yan. Daun jeruk purutnya tidak ada,” cetus Ibu.

Aku beranjak memberikan solusi, tetapi agaknya Ibu lebih cepat membaca isi kepalaku, “Bumbu dapurnya juga lagi habis.”

“Waduh,” tukasku sedih. Pasrah, kupandangi bumbu soto yang nyaris sempurna. Hanya tinggal menunggu kehadiran daun jeruk purut saja. “Aku minta daun jeruk purut ke rumah Mbak Dewi saja, Bu,” usulku guna menebus kesalahanku.



“Kamu *gak* malu?” tanya Ibu memastikan. “Loh, kenapa malu, Bu? Bukankah dulu sewaktu pohon jeruk purut kita masih subur, orang-orang kampung sini juga selalu datang meminta daun jeruk purut ke kita?”

“Iya, memang benar. Tapi... Ibu itu tidak sreg menjadi tangan di bawah. Seandainya daun jeruk purut kita masih hidup. Kita tidak perlu meminta-minta seperti ini.”

Oleh karena kalimat Ibu tersebut, aku jadi melamun sepanjang perjalanan ke rumah Mbak Dewi. Bisa dibayangkan geringnya pohon jeruk milik kami begitu misterius. Lebih-lebih beberapa kali kami coba menanam pohon jeruk purut lagi, tetapi selalu gagal.

Pada akhirnya karena daun jeruk purut yang dipetikkan oleh Mbak Dewi, menu soto kami bisa selesai dengan sempurna. Kebetulan lagi di kulkas masih ada daging ayam beku. Ibu kemudian memutuskan

merebus ayam. Ibu juga memperbanyak kuah sotonya.

Sebelum azan berkumandang, Ibu memintaku mengantarkan semangkuk soto ke rumah Mbak Dewi sebagai ucapan terima kasih. Kami juga membagikan soto kepada tetangga terdekat. Tak ketinggalan kepada Lik Wah yang rumahnya dekat dengan rumah Mbak Dewi. Aku menganggap perlu mengantar soto ke Lik Wah sebab tadi beliau sempat menyapaku kala aku mondar-mandir ke rumah Mbak Dewi.

Buka puasa kali ini sungguh luar biasa. Bapak tampak bahagia. Ibu pun juga terlihat begitu bahagia. Tentu saja aku turut berbahagia. Ya, akhirnya soto yang aku masak bersama Ibu hari ini memberi begitu banyak kebahagiaan.

Dan ternyata keberkahan itu tak sampai di situ saja. Usai salat Tarawih, kami kembali mendapat kejutan. Adalah Lik Wah yang datang berkunjung.

“Bu Surti, saya minta maaf ya, Bu,” kata Lik Wah disam-

bung sedu sedan tangis. “Loh, kenapa minta maaf, Wah?” Ibu kebingungan. “Soal pohon jeruk purut Bu Surti yang mati kering itu sebenarnya kesalahan saya.” Di antara isak tangis, Lik Wah berupaya menjelaskan. “Kok bisa salah kamu, Wah? Kamu itu ada-ada saja.”

“Pohon jeruk purut itu mati kering karena tangan panas saya, Bu Surti. Dulu tiap saya memetik daun jeruk purut, hati saya selalu dipenuhi iri dengki terhadap pohon jeruk purut milik Bu Surti yang subur,” ungkap Lik Wah diiringi permintaan maaf bertubi-tubi.

“Iya, iya aku memaafkanmu, Wah. Jangan menangis lagi. Justru aku semestinya berterima kasih kepadamu, Wah. Karena peristiwa hari ini, aku mendapatkan hikmah.”

“Hikmah, Bu?” sahutku dan Lik Wah serempak.

“Ya. Bahwa kita sebagai umat manusia memang sudah selayaknya saling memberi dan menerima,” jawab Ibu sambil memandangiku dan Lik Wah secara bergantian.

“Kalau saja pohon jerukku masih hidup, pasti hari ini aku tidak akan meminta daun jeruk kepada Dewi. Selanjutnya aku pasti tak berpikir mengantarkan soto kepada Dewi sebagai ucapan terima kasih. Terakhir, aku juga pasti tidak tergerak berbagi soto kepada kamu atau tetangga yang lain,” pungkas Ibu sambil tersenyum.

Buru-buru aku memeluk Ibu. Menyatu dalam keharuan yang sama. Berkah daun jeruk purut sungguh-sungguh terpampang nyata di bulan Ramadan ini. □-d

**) Endang S. Sulistiya, menetap di Boyolali. Alumnus FISIP UNS Surakarta. Menyukai menulis cerpen dan puisi sejak SMP. Tergabung dalam grup Diskusi Sahabat Inspirasi. Cerpen dan puisinya sudah pernah dimuat di berbagai media cetak dan daring.*

Oase

M. Rifdal Ais Annafis MENJELANG PUASA

Kau tak terburu-buru, menjelang puasa hinggap di teras musala sudah selesai kau raut wajah

seberkas cahaya membelah mata dan menukar batas rupa dosa

Kau tetap tak terburu-buru, menimbang setumpuk umur yang sesekali pecah jadi sungai tenang pada pipi

Menjelang puasa sampai kau berusaha mengenali diri sendiri
Yogyakarta, 2023

MENGENANG KIAI ZAINAL

Barangkali sepertiga tahun adalah tentang engkau yang diam-diam membelah laut

setelah layar kecil kami patah

Barangkali setiap pangkal musim sengaja hening agar engkau setia melepas ombak hitam pada dada

hingga kami percaya tuhan tiba

Barangkali engkau tercipta dari mawar kudus, dengan rekah harum yang tak pernah tinggal di jantung bahasa
Yogyakarta, 2023

DI KUTUB INI

Kau akhirnya percaya: kami memandang surga dari baris-baris sajak yang selalu dan selalu dikalahkan

tempat paling mungkin kefanaan berkobar jadi sejumput pertanyaan

Kau akhirnya percaya: dua batang kretek lebih berharga namun tiga kelopak rindu akan selalu mengganggu tidurnmu

maka kau akan terus berenang dan berkhayal di pelukan-pelukan kami sejauh mana sajak dapat membuatmu abadi.
Yogyakarta, 2023

**) M. Rifdal Ais Annafis, Lahir di Sumenep. Bergiat di Komunitas Kutub Yogyakarta. Buku kumpulan puisinya, Artefak Kota-kota di Kepala (2021) dulunya aktif di Ponpes Annuqayah.*

MEKAR SARI

MARHABAN ya Ramadan, Sugeng Rawuh Ramadan. Mesjid padhukuhane Parman dipasang gapura rinengganan *lampu hias* kanggo mangayubagya tekane wulan Ramadan. Kuwi kresasi-ne nom-noman utawa remaja masjid. Katon sumringah, kanthi pangajab, warga dadi luwih greget olehe nindakake ibadah ing wulan suci kasebut.

Wis dadi pakulinan, lumebu wulan Ramadan, mesjid padhukuhane Parman luwih grengseng tinimbang saben dinane. Nalika Ramadan salat Isya kabacutake salat Tarawih, kebak. Semono uga esuk, salat Subuh kebak jemaah. Nanging sing wis kelakon mung yen Ramadan tanggal enom. Ngancik tengah-tengahe Ramadan, jemaah-e wiwit mrotholi. Mengko bubar riyaya Idul Fitri jemaah-e bali kaya saben dinane, mung seiththik. Salat jeamaah ing masjid rinasa abot, marga kautamane ora dikatonake. Yen dikatonake, kabeh wong bakal mbudidaya salat jemaah ing masjid. Jenenge ujian.

Yen Parman limang wektu ajeg salat jemaah ing masjid. Kebener dheweke wis pensiyun dadi bisa limang wektu jemaah ing masjid pedhukuhane. Nalika durung pensiyun salate Duhur lan Asar jemaah ing masjid sacedhake papane nyambut gawe.

Pakulinane Parman, yen tarawih wis rampung, ora terus menyat mulih kaya jemaah liyane, nanging lungguhan dhisik. Adat saben olehe lungguhan bareng karo Sarimin lan Tukija. Kejaba kuwi ana sawetara jemaah sing banjur padha tadarus nganti wetara jam 10 bengi. Parman, Sarimin, lan Tukija ngrembug maneka bab lan crita jaman isih padhadene enom.

Nanging, Ramadan taun iki,

Parman bubar tarawih mung lungguh ijen ora ana kancane. Krasa sepi, marga rong taun kepungkur, Tukija ndhisiki tilar donya katrajang pangamuke Covid-19. Banjur rong sasi sadurunge Ramadan, taun iki, Sarimin uga nusul Tukija tilar donya sawise mondhoek ing rumah sakit rong minggu .

Saiki Parman ijen, swasana mesjid sing grengseng gayeng, rinasa sepi. Marga saiki ora ana kancane omong-omongan. Bener ana jemaah liyane, nanging



umur-umurane sangisore, angel gathuke, beda jamane. Satemene Sarimin lan Tukija, luwih tuwa sepuluh taun, yen katandhing Parman. Nanging bisa gathuk, crita jaman semana, jaman kepungkur nalikane durung pensiyun, durung jaman digital.

Rasa sepi kuwi uga marga Parman wis ora tau diajak rembugan bab mesjid, wis ora dadi takmir. Ora kejatah ngisi kultum Tarawih lan Subuh. Minangka jemaah lumrah mung kari nyawang. Karepe sing enom-enom, dikepenakake. Yen kotbah Jemuwah pancen wiwit biyen ora kejatah, marga Parman olehe Jemuwahan ing papane nyambut gawe. Satemene kotbah apa kultum kuwi abot tanggung jawabe, bisa

ngandhani kudu bisa nglakoni.

Ijen sepi. Nanging Parman dadi bisa nyemak, ngrungkake kanthi tenanan sing padha tadarus. Senadyan nglangut nuwuhake rasa adhem, tentrem marga sing tadarus maca wahyu, pangandikane Allah. Bengi kuwi olehe nyemak ngrungkake tadarus, Parman sinambi sumendhe ing tembok.

Ngerti-ngerti ana wong sabara-kalan dheweke nyedhaki ngajak salaman.

“Iki Parman, ta?” pitakone wong kuwi.

Parman namatake wong kuwi, capet-capet kelingan.

“Suwondo?” Parman nyebut jeneng kancane SMP biyen.

“Bener aku Suwondo,” kandhane wong kuwi.

Wong loro banjur crita gayeng, gathuk. Saiki Parman ora krasa sepi ketemu kancanaw. Crita ngalor ngidul, nanging dadi ora nyemak sing lagi tadarus. Wis padha dene sewidak punjul sing dicritakake lelakon lan kedadeyan kepungkur. Biyen nalika isih SMP sing dicritakake dina sing bakal teka. *Masa depan*. Biyen lulus SMP Suwondo melu wong tuwane pindhah menyang Jakarta. Nanging kadhang mulih desa yen pinuju riyaya Idul Fitri. Bengi kuwi, Parman krasa sumringah..

“Mbah Parman... Mbah..., kondur boten, niki lampu pun ajeng dipateni, pun jam sedasa.”

Gragap, Parman kaget ana sing ngoyog-oyog pundhake lan... Suwondo ilang. Sing ana ngarepe, Raharjo sing mau melu tadarus. Jebul iki mau Parman kebablasen turu, ngimpi ketemu Suwondo. Cetha wela-wela. Parman gage menyat mulih. Atine Parman bali sepi maneh. □-d

Ngayogyakarta, Ramadan 1444 H

Geguritan

Y.P.B.Wiratmoko

CONDHONG RAOS

Prasajan wae, apa gunane yen urip amung kakehan gunem kang tanpa guna

Jer urip iki mbutuhake patuladhan kang nyata Dadya tepa palupi bener becik ing sabarang kardi Cegahen lakuning pikir kang bisa gawe dredah lan cengkah ing antaraning bebrayan agung

Diage padha nggladhi wanuh nggulang tepang Lan nyaketake karukunan menawa kita kabeh iki sejatine maksih sadulur tunggal nusa, tunggal bangsa lan tunggal negara Diawas emut yen crah bisa agawe bubrah Lamun rukun bisa agawe santosa

Dipadha tresna asih lan tuhu setya Nyawiji laku gegandhengan asta Supaya rahayu kang tinemu, raharja kang jinangka, ayam tentrem bisa dadi darbe kita Atimu aja kok gawe gempil Kepara tambalen kuciwaning atimu kang isih menga ing dina-dina lawas kang kapungkur

Yen bisa ayo bebarengan sembur-sembur adas supaya kabeh padha antuk seger waras lan bregas Nyawiji gumolong pindha kluwung ing awang uwung, mbangun jiwa raga, kulawarga lan bebrayan, bangsa lan negara murih manising bawana

Dalem Mangkujayan, 28 Maret 2023

OBORING URIP

Katresnan iku suci lan wingit Awit tresnaning Gusti Kang Maha Kuwasa Wus cinipta ing mula buka Mula kita padha dadi tumitah lan urip Katresnaning Gusti marang manungsa iku tanpa timbang Mula jeneng luput lamun kita datan darbe rasa sokur marang Gusti Kang Murbeng Gesang

Apata oleh-oleh kita yen kita amung nresnani marang wong-wong kang mligine uga amung nresnani kita Apa bedane karo wong-wong duraka kang uga dhemen tumindak mangkono

Kita iki terus tinuntun ing tresna Dalem Gusti Kang Maha Welas lan Maha Asih Yen kita tumiba ing dosa iku luput kita dhewe jalaran kurang wicaksana lan kurang prayitna jroning urip

Midhangetha Swara Dumeling jroning ati murih salaku jantraning tumindak kita Tan kasluru tumiba ing jurang cerung

Age enggal kaagema sandhanganing katresnan mungging rahayuning jiwa kang wus cumawis Murih ing tembe jiwa kita tetep panggah urip nadyan raga kang ringkih iki mbesuk wus mati

Sorot gumebyar madhang jagading urip Lamun kita kuwawa manjer urube ing saben wektu kita bakal tetep lestari urip ing salawas-lawase sanadyan kita wus mati pisan Urip kudu urub

Dalem Mangkujayan, 18 Maret 2023